

JÈM YO KAPAB VIV NAN SIFAS KI SÈCH.

KI KOTE RISK LA YE?

Nou dwe konnen ki kote jèm yo ap viv pou kanpe pwopagasyon l epi pwoteje pasyan yo



- Jèm nou jwenn nan kò, nan lè, ak nan poupou, nou souvan jwenn yo nan sifas sèch, epi kèk nan yo kapab viv lontan.
- Sifas sèch la gen ladan l sifas "anpil kontak" tankou fè kabann, manch pòt ak bouton limyè yo. Epitou, li gen ladan l espas travay, fè kabann, atè ak bagay nou ka pa touche souvan.
- Men yo kapab pran jèm yo nan sifas ki sèch yo, epi pote yo bay lòt sifas ak lòt moun.
- Nou kapab jwenn jèm ki nan sifas ki sèch sou aparèy yo itilize sou pasyan oswa anndan pasyan yo.

Jèm yo Kapab Viv nan Sifas Sèch

- *Clostridioides difficile* (*C. diff*)
- Noroviris
- *Candida* (li gen ladan l *C. auris*)
- Rotaviris



Tach Swen Sante ki Enplike Sifas Sèch

- Nenpòt bagay ki mande pou touche l
- Lè w ap itilize aparèy
- Transpò pasyan

Mezi pou Kontwòl Enfeksyon pou Diminye Risk yo

- Netwayaj ak dezenfeksyon
- Aparèy pou esterilize
- Ijyèn men
- Itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl (gan yo)